

## Plan Angajman Paran e Fanmi Lekol Yo Nan Rejyon Pok la (PFEP) -2021-2022.

Rejyon Pok la gen 101 lekòl Title I, avèk anviron 70,000 etidyan pwogram Title I nan sèvi. Distri lekòl nou-an tabli sou yon sifas/tèritwa jeografik ki laj e ki gwo anpi-anpil. Akòz gwosè sipèfisi tèritwa nap sèvi-a, e divès demografik, sa vle di -tout diferan kalite moun ki ladan li- nou gen anpil defi pou n leve lè nap kreye opòtinite pou fanmi nou yo, akòz distans kote fanmi yo abite e baryè transpòtasyon poze. Yon gran kantite etidyan e fanmi nou yo jwenn sèvis anba pwogram Migran e ELL la, e zafè lang nan poze yon baryè tou.

Dapre sondaj Pati Prenant Title I Prentan 2021 an, 1,322 paran te patisipe nan sondaj la. Sondaj la te kolekte opinyon fanmi yo sou Obligasyon e sa ki ofri nan lekòl pitit yo. Mòd kesyon yo te varye ant fòm chwa divès, nòt Likert e ti kesyon kout. Fanmi yo te mansyone fasoni pi abityel lekòl yo kominike se atravè divès aplikasyon teknoloji tankou Class Dojo, Remind, Class Tag, eksetera, e platfòm media sosyal tankou Facebook e Instagram te vini tousuit apre. Pesonel anplwaye diplis pou kore siksè etidyan e ofri opòtinite aprantisaj etandi te mansyone kom sa ki pi enpotannan kontribite pou siksè etidyan Title I finanse a. 81% fanmi te santi evènman fanmi te oganize nan yon lè konvenab tandiske 99% te di yo te fèt nan yon lang yo te ka konprann. Kèk komantè espesifik nan sondaj la te enkli apresyasyon pou reyinyon vityèl yo, men yo swete ak antisipasyon pou gen reyinyono fas a fas ankò, kòm kominikasyon se faktè kle pou siksè, e pèsònèl lekòl la ap travay pi plis toujou..

Anplis sondaj klima paran/lekòl Distri a, patisipasyon angajman paran yo mezire tou atrave prezans e evalyasyon ki fèt lè gen aktivite Distri yo, sou vizit yo fè nan sant paran yo, e Bis ki sèvi Kòm Bibliyotèk Mobil la / “Books Bridge Bus”.

Pou nenpòt e tout aktivite ki konstwi devlopman kapasite, se plan LEA-a e lekòl yo ki nan pwogram Angajman Paran e Fanmi an ki planifye chak aktivite yo. E kijan e ki dokimantasyon ki va konsève: Prezans paran yo, envitasyon/notis pou paran yo, Panflè yo e ajennda yo, e opòtinite pou bay enpresyon yo pa mwayen sondaj e evalyasyon yo. Dokimantasyon sa a bay LEA e lekòl yo enpresyon paran yo pataje, yon manyè ki ka ede planifye aktivite ki ka satisfè bezwen yo, an menm tan tou, ki ka ede idantifye e adrese baryè ki lakòz prezans oubyen patisipasyon yo fèb.

LEA-a fè chak lekòl yo ranpli yon “Evalyasyon Aktivite Anyèl pou Ranfòse Kapasite Manm Pèsònèl e Paran yo”. Evalyasyon sa-a bay enfòmasyon sou aktivite chak lekòl e evalye enpak li fè sou akonplisman etidyan, e li (bay detay sou dat./lè chak aktivite yo, prezans, baryè yo, (transpòtasyon repa/rafrechisman, Swen bebe, tradiksyon, e kòmantè/sijasyon paran sou chak aktivite. Evalyasyon an bay yon rezime sou kijan bidjè Angajman paran e Fanmi yo-a reponn bezwen aktivite yo.

Anjeneral, sondaj paran e evalyasyon aktivite yo montre bezwen ki genyen pou yon meyè kominikasyon ant lakay e lekòl, sipò anplis pou fanmi ki epapiye lwen yo, sipò anplis e ki pi gwo pou enplike paran yo nan edikasyon pitit yo. Daprè rezilta sa yo e kontwòl plan enplikasyon lekòl la pou paran yo, nou planifye e antreprann divès lòt pwogram e aktivite pou rive jwenn kisa nou ka fè pi byen pou kenbe toutan relasyon ak TOUT fanmi yo, e bay tout paran yo enfòmasyon, zouti, resous, resous e materyèl, pou yo ka ede pitit yo lakay, ede yo akonpli travay akademik bezwen ki se nesite pou yo.

### Deklarasyon Misyon Nou

Bay tout Etidyan Meyè kalite Edikasyon.

### Angajman Paran yo

- Chak lekòl sèvi ak bidjè Angajman Paran e Fanmi yo-a pou sipote aktivite angajman paran e fanmi dapre gran liy ki trase nan Plan Angajman Paran e fanmi yo mete anplas la. LEA-a revize e swiv pazapa kijan Fon Aktivite Angajman Paran e Fanmi-an itilize pou kore bezwen plan ki anplas nan lekòl yo-a. Fon Lekòl pou Angajman Paran e Fanmi yo ka sèvi pou kèk nan bezwen sa yo: ekip travay, depans ki gen relasyon ak aktivite akademik pou paran yo, atelye travay paran yo, tenb e sèvis lapòs, prezantasyon ou enskripsyon pou devlopman pwofesyonèl pèsònèl travay yo depi sa gen rapò ak miz anplas meyè mwayen pou travay ak paran yo; e pou bezwen materyèl nan yon sant resous paran ki nan etablisman lekòl yo-a.

-Plan Distri Angajman Paran e Fanmi e plan LEA prezante nan reyinyon Konsèy Konsiltatif Distri-a (DAC) e divès evènman paran kote tout paran yo nan distri a envite pou angaje nan e ofri enpresyon yo sou plan LEA atravè fòm Google, oswa enpresyon e lekri sou PFEP Distri-a. Yon fèy kopi ap ofri bay tout paran ki prezan nan reyinyon-an. LEA itilize enpresyon paran pou planifye e/ou revize nivo PFEP distri-a. Plan Angajman Paran e Fanmi Title I Distri konplet la ap poste sou sit entènèt distri ([www.polkschoolsfl.net](http://www.polkschoolsfl.net)) a, ki lye ak chak sit entènèt lekòl Title I, e kopi ap nan dosye kaye Angajman Paran e Fanmi ki please nan biwo yo nan lekòl Title I nan vè 1e Novanm 2021 konsa. Plan LEA-a diskite tou nan chak Reyinyon Anyèl lekòl Title I. Yon eskis Prezantasyon/PowerPoint pou ekran ap prezante bay chak lekòl Title I pou ede prezante plan-an bay tout paran. Nan fen Reyinyon Anyèl la, paran yo konplete yon evalyasyon reyinyon-an e ofri enpresyon e sijesyon yo.

- LEA-a pèmèt nesosite sèvis yon parapwofesyonèl pou Enplikasyon Fanmi ki va travay pou ede kore aktivite lekòl la mete sou pye dapre gran liy nan Plan lekòl la genyen yo pou Angajman Paran e Fanmi yo. LEA-a ekzije lekòl yo pou mete anplas yon minimòm aktivite/atelye ki vize ranfòse kapasite ansanm ak paran yo e ki dwe parèt nan mansyon gran liy plan Angajman Paran e Fanmi-an e li dwe an rapò avèk objektif ki nan SIP yo-a. Aktivite yo dwe vize yon sijè akademik obligatwa, tranzisyon/gradyasyon e preparasyon pou etid inivèsité oswa pwofesyonèl, e se pou yo ranpli kondisyon ka pèmèt vizyon pou amelyorasyon akonplisman elèv la akonpli. De aktivite sa yo dwe fèt anplis Reyinyon Paran Anyèl Title 1 nan. Depans pou kèk nan aktivite sa yo kapab fèt anba kategori bezwen tankou: materyèl, postaj, konsiltan, gadri pou timoun, transpòtasyon, depans kòm frè tradiksyon, e ekolaj pou pwofesè, e rafrechisman.

-Plan Angajman Fanmi e Paran Distri-a e plan LEA yo ki prezante nan reyinyon Konsil Konsiltatif Distri-a (DAC), e plizyè lòt aktivite paran ki reyini tout paran nan Distri-a sou envitasyon pou yo enplike e pataje reyaksyon yo sou plan LEA-a pa mwayen yon fòm sou google, oubyen sou yon fòm ekri manyèl ki bay refleksyon nan yon kopi manyèl PFEP Distri-a bay tout paran prezan nan reyinyon-an. LEA-a sèvi ak refleksyon paran yo pou planifye e/ou revize nivo PFEP distri-a. Anplis de sa, Plan Angajman Fanmi e Paran Distri-a (PFEP) rezime nan yon dokiman ki disponib nan lang Anglè, Panyòl, e Kreyòl Ayisyen. Rezilta Sondaj Lang Mezon an sèvi pou detèmine kantite tradiksyon ki dwe disponib pou distribisyon bay tout fanmi lekòl Title 1 yo. Rezime plan Distri sa-a distribye bay tout paran yo vè mitan mwa Oktob 2020. Plan konplè Angajman Fanmi e Paran Title 1 Distri-a ap poste sou sit entènèt distri-a ([www.polkschoolsfl.net](http://www.polkschoolsfl.net)) e lye ak sit entènèt chak lekòl Title 1 yo, e kopi yo va nan yon Ti Liv Angajman Fanmi e Paran ki va nan chak biwo Lekòl Title 1 vè dat 1 Novanm 2020 la konsa. -Plan LEA-a fè deba diskisyon nan chak Reyinyon Anyèl Title 1 lekòl yo. Nou bay chak lekòl Title 1 yon modèl prezantasyon pou pwojete sou ekran pou ede yo fè prezantasyon plan-an bay tout paran yo. A la fen Reyinyon Anyèl la, paran yo konplete yon evalyasyon sou reyinyon-an kote yo bay lide e sijesyon yo.

- LEA-a va apwouve lekòl yo pou yo finanse atelye akjivite Fanmi/Paran yo ou lòt fòmasyon ki fè pon koneksyon lakay-lekol e/ou mwayen pou amelyore travay paran e lekòl ap fè ansanm. Li ka kouvri tout frè pou depans nòmal tankou enskripsyon, materyèl, devlopman pwofesyonèl, e/ou kòb otorize pou kouvri fòmasyon pèsònèl ki enplike yo. Pou ede lekòl yo fè fas ak baryè anpèchman nan domèn tradiksyon, gadri e transpò paran pou reyinyon aktivite yo, ak si yon lekòl ta vle gen yon sal resous pou paran yo nan etablisman li-a; ak kòb pou ede ak materyèl, resous e ekipman yo bezwen pou sal la.

#### **Asistans Teknik**

- Vizyon LEA-a se pou edike, ekipe, kolabore ansanm ak etidyan yo e sistèm sipò yo nan ofri yon varyete pwogram efektiv e aplikab, aktivite, e resous ki va ede fè yon enpresyon pozitif sou moun yo e kominote-a. Nan bati kominote aprantisaj solid ant fanmi/paran, nan ogmante nivo akonplisman elèv yo nan lekòl nou yo. LEA-a akouche yon plan ki baze sou enfòmasyon e refleksyon ki rekeyi nan aktivite Distri yo, sondaj yo, enfòmasyon e sijesyon paran ki kolekte nan lekòl yo.

- Diran ane lekòl 2021-2022 a, Jan sa ekri nan Plan Angajman Paran e Fanmi-a LEA-a va elaji jefò yo pou ogmante angajman paran e fanmi nan patisipe nan opòtinite devlopman pwofesyonèl avèk Eskolastik ki pèmèt nou etabli kapasite Kontak Title 1 yo, e sot nan enplikasyon paran pou pase nan angajman paran e fanmi.

- LEA-a va bay asistans teknik pou konplete PFEP la. Gid a lekri te distribye nan tout lekòl Title 1 yo nan prentan 2021 sou mach aswiv pou konplete PFEP la. Nan Me 2021, LEA-a va bay lekòl yo bon jan sipo teknik pou konplete PFEP la e kolekte enpresyon paran/fanmi yo. Apre lekòl yo soumèt PFEP la bay distri-a, koòdonatè Title 1 yo va sevi ak yon gid koreksyon distri-a kreye pou revize li e pou detèmine si tout kritè yo ranpli. Koòdonatè yo va bay enpresyon yo e lekòl yo va revize e soumèt apre denye koreksyon kopi final PFEP la.

- LEA-a kontwole dokimantasyon tout aktivite ki gen rapò ak Angajman Paran/Fanmi pou asire konfòmite fidèl nan plizyè kote; sipò lekòl; yon eskis dokimantasyon sistèm; devlopman manm pèsònèl e reyinyon; e vizit dirèk sou chantye.

-Yon eskis dokimantasyon sistèm, Title I Crate/Krat, se metòd ki sèvi pou koleksyon e siveyans konfòmite. Kòdonatè LEA Lekòl Title I yo gen aksè pou revize tout dokimantasyon yo nenpòt lè, nan objektif pou verifiye konfòmite. Kòdonatè Pwogram Lekòl Title 1 yo sipòte lekòl yo e kontwole fidelite konfòmite yo nan dyalog pemanan, vizit dirèk nan lekòl yo, nan asiste nan aktivite lekòl yo òganize nan etablisman yo.

- Yon lòt fason Distri a kontwole miz anplas e fidelite plan lekòl yo e aktivite Angajman Paran e Fanmi yo se nan kolèksyon enfòmasyon li ranmase nan paj kouvèti pwogram yo diran lane-a. Paj kouvèti yo dokimante achèvmman Konpak la, e PFEP la (Parent and Family Engagement Plan/Plan Angajman Paran e Fanmi), kijan yo kolekte lide paran yo, e diseminasyon Konpak la, Enfòmasyon sou Dwa Paran yo pou Konnen Enfòmasyon, e Kourikouloum e evalyasyon Eta Florid la pou paran yo. Anplis de sa, dat yo, lè yo, prezans nan Reyinyon Paran Anyèl Title 1 nan, e notis yo bay paran yo sou disponiblite PFEP, SIP, e Kanè Rapò Anyèl yo mwayen EduData.

- Nan mwa Me, LEA-a kolekte nan men chak lekòl, Evalyasyon Anyèl sou kapasite Lekòl la genyen pou òganize aktivite avèk pèsònèl li-a e pou paran yo. LEA-a egzije lekòl yo pou genyen pou pi piti de atelye/aktivite avèk paran yo. Atelye/Aktivite sa yo ki eskise nan plan lekòl la e enfòmè paran yo sou tranzisyon/gradyasyon, preparasyon pou inivèsite e ou lekòl pwofesyonèl, e enfòmasyon sou Tès evalyasyon yo ke Leta ekzije kòm obligasyon e kourikouloum nan. De aktivite obligatwa sa yo pa fè pati reyinyon Paran Anyèl Title 1 nan. Evalyasyon-an dokimante ki fòm aktivite, kijan lekòl la adrese pwoblèm baryè tankou gadri, transpò, tradiksyon, e latrye., kjan yo enfòmè paran yo, e konbyen ki reponn prezan, e enpresyon ki degaje apre evalyasyon chak aktivite. LEA-a egzije kontwol dokimantasyon lekòl la nan; jan paran yo jwenn notis e envitasyon, paj siyati, ajennda, e sondaj e/ou evalyasyon pou kolekte lide paran yo.

-Sondaj sou Klima Paran yo fèt nan peryòd Prentan pou pèmèt paran e fanmi yo mande sipò pou satisfè bezwen etidyan yo kòrekteman, sa ki va leve nivo akonplisman akademik yo. Distri-a pataje rezilta Sondaj Klima Paran yo avèk tout lekòl Title 1 yo nan lane lekòl swivan-an.

### **Koòdinasyon e Entegrasyon**

LEA-a ap koòdone e entegre estrateji angajman paran e fanmi ki sot nan Title 1, Pati A avèk lòt pwogram federal (tankou, poun site sa yo selman: Head Start/Jaden Danfan, Early Reading First/Premye Lekti Danfans, Parents as Teachers/Paran Kòm Pwofesè, Home Instruction Program for Preschool Youngsters (HIPPY)/Pwogram Enstriksyon Lakay pou Timoun Jaden Danfan, Voluntary Pre-Kindergarten/Jaden Danfan Volontè, Title I, Pati C e Pati D, Title III, e Title IV, Pati A) [seksyon 1116 (a)(2)(D) e 1116(e)(4)] nan jan sa-a:

*WE3 (Perkins) – Lekòl Piblik yo ki nan Zòn Pok la va ekspoze meyè pwogram travay edikasyonèl ekip li-a. Ekspozisyon an va ofri preske 400 zòn kwen ekspozisyon kote ya prezante lekòl inovativ yo, pwogram e metye tout zòn Pok la genyen, pou ofri paran e etidyan yo mwayen konvenyans pou eksplòre divès opòtinite edikasyon Zòn Pok la gen pou yo.*

*Similasyon Povrete (Title IX) – LEA-a konble vid ant konsepsyon mal fonde e konpreyansyon byen fonde sou konsenan la povrete. Similasyon povrete a se yon eksperyans imèsyon kole-kole ansanm ki sansibilize patisipan kominote yo sou reyalyte zafè povrete-a.*

Head Start/VPK/Title I PreK – LEA kowòdone avèk Title I Pre-K pou ofri klas bay e nan divès rejyon nan distri nou-an. Men kèk Sijè ki ofri; Prepare Pitit ou pou lekòl, Prepare pou Klas Anfanin, e Lekti avèk pitit ou -a. Epi tou, LEA-a gen yon direktè prensipal-de-sèvis ki travay avèk sant Pre-K nan lekòl Title I yo pou garanti pasaj tranzisyon sot nan Jaden Danfan/Pre-K ale nan klas Anfanin/Kindergarten, yon fason pou sa ka fèt avèk siksè.

Migrant (Title I, Part C)/(Migran Title I, Pati C – Rejis Title I yo, Books Bridge buses/ Bis yo ki Sèvi kòm Bibliyotèk Mobil yo ale nan reyinyon Komite Konsiltatif Paran Migran yo (MPAC) pou pèmèt paran e fanmi migran yo jwenn okazyon pou vizite Bis la, patisipe nan divès aktivite yo e resevwa yon liv gratis.

Title III Ofri klas pou paran yo pou yo swiv klas akizisyon langaj.

### **Evalyasyon Anyel**

Plan Angajman Paran e Fanmi LEA-a e chak PFEP lekòl bay eskis tout aktivite angajman paran e reyinyon yo ki planifye pou lane lekòl la. LEA-a e lekòl yo evalye ansanm randman aktivite yo pa mwayen koleksyon enfòmasyon tankou; prezans, e paj siyati yo, evalyasyon aktivite yo. Anplis de sa, Distri-a evalye aktivite yo dapre sijesyon refleksyon paran yo bay nan sondaj yo e nan evalyasyon e kesyonè paran yo ranpli.

LEA-a enspekte angajman parantal e famiyal lekòl yo e randman yo nan vizite sant lekòl yo, kolekte enfòmasyon e dokimantasyon. LEA-a evalye aktivite lekòl yo, jan PFEP yo-a etale yo, e sa fet nan yon evalyasyon anyèl aktivite yo. Evalyasyon-an ki konplete nan fen lane-a gen kontri dokimantasyon enfòmasyon sou prezans, paj siyati, evalyasyon, sondaj paran Distri, reyinyon SAC e ou PTA/PTO, kazyè sijesyon, paj entènèt lekòl, e lòt aktivite lekòl e reyinyon paran. Enfòmasyon ki kolekte nan evalyasyon sa-a sèvi nan evalyasyon seksyon PFEP la.

LEA-a asire'l ke paran yo patisipe nan planifikasyon pou ekri e/ou revize plan Konpak lekòl la e PFEP yo tou, nan fè lekòl yo dokimante kijan opòtinite yo ofri bay paran yo touche espesyalman pwèn sa yo kòm prèv konfòmite ak egzijans yo. Se menm enfòmasyon sa-a ki parèt sou entènèt nan echantiyon modèl PFEP la.

LEA-a kontwole pou konfòmite reyinyon Paran Anyèl Title I yo nan fè lekòl yo konplete yon “Rapò Reyinyon Anyèl” nan peryòd premye sis semèn lekòl la. Rapò-a dokimante ke lekòl yo te fè Reyinyon Paran Anyèl Title I yo e li bay detay sou fason yo enfòme paran yo; dat/lè reyinyon yo, prezans, e sèvis ki bay pou kraze baryè yo jan sa ekri nan PFEP yo-a. LEA-a ekzije lekòl yo pou bay paran opòtinite e enfòmasyon ekzat sou mannyè yo ka patisipe nan edikasyon pitit yo-a lè yo sèvi ak paj entènèt lekòl la, kaye enfòmasyonèl Paran/Fanmi-an, e kòm manm PFEP yo-a. LEA-a bay enfòmasyon espesifik sou sa lekòl yo dwe mete a dispozisyon paran yo sou Paj Entènèt lekòl la, e nan kaye/katab dokiman yo kenbe nan biwo resepsyon prensipal antre lekòl la. LEA-a dokimante ke Paj Entènèt lekòl yo, e “Kaye Angajman Paran/Fanmi” yo korije dapre lane aktyèl lekòl la.

### **Bati Kapasite**

#### **1. Reyinyon Kontak Angajman Paran e Fanmi Lekòl**

- a. Kòdonatè Title I Distri yo
- b. Bay Teknik fòmasyon e enfòmasyon e sipòte sèvis ki ranfòse relasyon ant paran e lekòl nan fason itil pou monte nivo akonplisman akademik.
- c. Otòn 2021, Prentan 2022
- d. Evalyasyon/Ajennda
- e. Kominikasyon anseyan a paran: Evidans Eksperimantal sou yon Prensip Kominikasyon-Abòdab (Draft, Matthew A.; Rogers, Todd – Sosyete pou Rechèch sou Randman Edikasyonèl, 2014) – Etid Rechèch sa-a montre ke bati kapasite paran nan kominikasyon avèk pwofesè se yon bagay favorab pou kwasans diskisyon paran/pitit e li gen yon enpak pozitif sou akonplisman etidyan.

#### **2. Sant Resous Paran Lekòl La Finanse Yo.**

- a. Distri yo e Lekòl yo
- b. Ofri paran yo atelye e resous ki lye ansanm Nòm Obligatwa leta Florid yo pou ede leve nivo akonplisman etidyan.
- c. A Kontinye

d. Paj Siyati yo/Ajennda Atelye yo/kalandriye Aktivite yo/Envantè yo  
e. Depatman Ledikasyon Ohio. (2016). Ekzanp Meyè Pratik pou Patisipasyon Paran nan Lekòl yo. Sous nou yo se <http://education.ohio.gov/Topics/Other-Resources/Family-and-Community-Engagement/Getting-Parents-Involved/Sample-Best-Practices-for-Parent-Involvement-in-Sc>. Rechèch konfime ke patisipasyon paran e fanmi nan edikasyon pitit yo se yon bagay enpòtan anpil nan siksè akademik etidyan yo.

### 3. *Gid/Antrenè Enstriksyonèl*

a. *Gid/Antrenè Enstriksyonèl Distri e lekòl yo.*

b. Analize Enfòmasyon etidyan yo nan lide planifikasyon efektiv aktivite Angajman Paran Fanmi yo pou kore akonplisman etidyan yo.

c. A Kontinye

d. Paj ki gen Siyati Paran yo/Evalyasyon/Ajennda Sondaj yo.

e. Mapp, K. L. 2012. "Eskèlèt Plan Konstriksyon Kapasite Angajman Fanmi yo (Draft)." Washington DC: U.S. Depatman Ledikasyon, Biwo Inovasyon e Amelyorasyon. Ou ka jwenn kopi PDF la sou paj entènèt: [http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family-Engagement\\_DRAFT\\_Framework.pdf](http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family-Engagement_DRAFT_Framework.pdf).

### 4. *Sware Tranzisyon yo – Nivo Elemantè/Mwayen/Segondè/Inivèsitè/ e Pwofesyonèl.*

a. Kontak Angajman Paran e Fanmi Lekòl la/Gid-Konseye Akademik/Administrasyon/Gid-Antrenè pou Siksè Etidyan

b. Paran yo resevwa enfòmasyon sou opòtinite inivèsitè e karyè pwofesyonèl pou pitit yo e sou prensip èd finansye yo, pou tranzisyon soti nan yon klas pase nan yon lòt kapab rive fèt san difikilte.

c. A Kontinye

d. Paj Siyati/Evalyasyon/Ajennda/Sondaj.

e. Inivèsite—Nou vle ladan'!!/We Want In!

Probst, Carolyn; O'Hara, Dennis P. – Jounal pou Lidèchip e Enstriksyon, 2015

Angaje Etidyan e Fanmi yo bonè e souvan, e sèvi ak yon seri estrateji kontinyèlman, ap pèmèt lidè lekòl yo konble vid aspirasyon yo, e konsa ya kreye e mentni yon kilti kote tout etidyan va fè frekantasyon inivèsite devni yon abitud nòmal pou yo.

### 5. *Konpilasyon Rezilta Sondaj Klima Paran yo.*

a. Distri e Lekòl Yo.

b. Rezilta yo sèvi pou amande SIP la, Pwogram Title I nan e PFEP-a nan sant lekòl yo pou ede ranpli pi byen bezwen paran e etidyan yo pou amelyore siksè akademik.

c. Prentan

d. Rezilta Sondaj yo

e. Analize Klima lekòl la—Koneksyon Akonplisman Etidyan: Chache Konprann Sans Poukisa Premye Ekziste anvan Dezyèm

Jones, Albert; Shindler, John – Direksyon Edikasyonèl e Administrasyon: Ansèyman e Devlopman pwogram, 2016  
Vizyon etid sa-a se te pou eksplòre relasyon ant akonplisman akademik etidyan e divès lòt eleman andedan domèn klima lekòl la, e ekzamine nati e kozalite potansyèl lidèchip la.

## **Fòmasyon pou Pèsonèl Yo**

### 1. *Reyinyon Direktè/Prensipal Pou Ouvèti lekòl*

a. Direktè Pwogram Federal yo, Koòdonatè Title 1 yo

b. Revize ESSA, Lwa Title I yo, e mach-a-swiv pwogram Title I yo, Part A

c. Dawout 2021

d. SIP, PFEP, Evalyasyon yo

e. Entèkansyon Direksyon Lidè yo trase pou lekòl la Anba Lwa ke Tout Etidyan dwe Reyisi-a: Revize Prev/Evidans .  
Korije e Ogmante Rapò Rechèch RR-1550-1-WF

Herman, Rebecca; Gates, Susan M.; Arifkhanova, Aziza; Bega, Andriy; Chavez-Herrerias, Emilio R.; Han, Eugene; Harris, Mark; Tamargo, Jennifer; Wrabel, Stephani – RAND Corporation, 2016

Rapò sa-a dekri opòtinite yo pou sipòte direksyon lekòl la dapre ESSA, diskite nòm evidans yo dapre ESSA, e sentetize baz rechèch nan konfòmite ak nòm etabli yo.

### 2. *Entegrasyon Title I ak Lòt pwogram Federal*

a. Direktè Pwogram Federal yo, Koòdonatè Title I yo

- b. Asire lekòl yo bay pèsònèl yo enfòmasyon e devlopman profesyonèl nan tout domèn defisyan yo.
- c. Toutan
- d. Leve nivo akonplisman nòt pèfòmans lekòl yo e/ou nivo nòt elèv yo fè nan ekzamen leta yo pran ki pou mezire konpetans yo
- e. Entèvansyon Administrasyon Lekòl la Dapre Lwa Chak Elèv Reyisi-a; Revizyon Evidans. Korije e Ogmante. Rapò Rechèch RR-1550-1-WF  
Herman, Rebecca; Gates, Susan M.; Arifkhanova, Aziza; Bega, Andriy; Chavez-Herrerias, Emilio R.; Han, Eugene; Harris, Mark; Tamargo, Jennifer; Wrabel, Stephani – RAND Corporation, 2016  
Rapò sa-a dekri opòtinite pou sipòte administrasyon lekòl dapre ESSA, diskite nòm evidans dapre ESSA, e sentetize baz rechèch nan respè tout nòm estanda yo.

### 3. *Reyinyon Bidjè yo.*

- a. Direktè Pwogram Federal yo, Koòdonatè Title I yo
- b. Ede direktè prensipal lekòl yo nan planifikasyon e nan ranfòsman miz-ann-èy aktivite angajman paran e elèv ki efektif e aktivite pou devlopman pwofesyonèl e asire ke tout depans yo lye ak ranfòsman akonplisman akademik.
- c. Prentan 2021
- d. Evalyasyon yo, Plan SIP yo pou Lekòl la
- e. Entèvansyon Administrasyon Lekòl la dapre Lwa Chak Etidyan Reyisi-a. Revizyon Evidans/Evidence Review. Updated and Expanded. Research Report RR-1550-1-WF  
Herman, Rebecca; Gates, Susan M.; Arifkhanova, Aziza; Bega, Andriy; Chavez-Herrerias, Emilio R.; Han, Eugene; Harris, Mark; Tamargo, Jennifer; Wrabel, Stephani – RAND Corporation, 2016  
Rapò sa-a dekri opòtinite pou sipòte Administrasyon Lekòl anba Lwa ESSA-a, diskite nòm estanda evidans yo anba ESSA, e sentetize Baz rechèch la konsènan etanda yo.

### 4. *Ti Koze Sou Title I.*

- a. Kòdonatè Title I yo
- b. Ofri asistans Teknik pou dokimantasyon konfòmite angajman paran yo
- c. Kontinyelman
- d. Evalyasyon
- e. Mapp, K. L. 2012. “Baz Elaborasyon Kapasite Angajman Fanmi (Draft).” Washington DC: U.S. Depatman Edikasyon, Biwo Inovasyon e Amelyorasyon. Ou ka rale Dokiman PDF sa-a nan paj entènèt: [http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family Engagement\\_DRAFT\\_Framework.pdf](http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family Engagement_DRAFT_Framework.pdf)

### 5. *Reyinyon Revizyon Gid Konpak e PFEP*

- a. Koòdonatè Title I
- b. Bay lekòl yo bourad nan planifikasyon aktivite sou devlopman kapasite efektif pou paran e moun nan pèsònèl yo, e bay asistans Teknik pou revize PFEP yo-a.
- c. Kontinyelman
- d. Paj Siyati yo. Lis kontwol Rubrik PFEP
- e. Mapp, K. L. 2012. “Baz Elaborasyon Kapasite Angajman Fanmi (Draft).” Washington DC: U.S. Depatman Edikasyon, Biwo Inovasyon e Amelyorasyon. Ou ka rale Dokiman PDF nan paj entènèt: [http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family Engagement\\_DRAFT\\_Framework.pdf](http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family Engagement_DRAFT_Framework.pdf)

## **Kominikasyon e Aksesibilite**

*Plan konplet Angajman Paran e Fanmi Distri (PFEP) la ap poste sou sit entenet Distri ([www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net)), ki lye ak chak sit entenet lekòl Title I e kopi ap disponib nan kaye Angajman Paran e Fanmi nan biwo leko yo ve 1e novanm 2021*

- 1. *Peye pou depans nòmal e ki nesesè yo, sa ki gen rapò ak aktivite angajman paran, tankou transpòtasyon e frè siveyans timoun, pou pèmèt paran yo patisipe nan aktivite seyans reyinyon e fòmasyon ki lye ak lekòl la.*
  - a. Rafrechisman, transpòtasyon, tradiksyon, e frè pou siveyans timoun kapab soti nan fon Title I lekòl yo.
  - b. Prensipal Mèt lekòl yo e moun kontak Angajman Paran e Fanmi ki baze nan lekòl la.
  - c. Lekòl yo distribye evalyasyon bay paran e fanmi yo pou konplete a la fen chak aktivite. Evidans evalyasyon sa yo poste enfòmasyon sistem “Crate” Tittle I Distri-a sou entènèt, e Kòdonatè Title I yo revize yo.

d. Kontinyelman.

e. Idantifye baryè yo: Kreye solisyon pou amelyore Angajman Fanmi

Baker, Timberly L.; Wise, Jillian; Kelley, Gwendolyn; Skiba, Russell J. School Community Journal, v26 n2 p161-184 2016

Etid sa-a reankadre nosyon angajman paran-an (prezans andedan lekòl la) (gade divès konstriksyon) sou enplikasyon paran pandan ou ap chache rezoud pwoblèm baryè ki drese devan paran yo tankou opsyon fleksibilite tan, lòt timoun nan fanmi-an (swen ti moun) e lòt aktivite lekòl ki òganize pandan sware (sèvi repa manje-a).

2. *Ogmante angajman paran e patisipasyon nan edikasyon pitit yo nan aranje reyinyon lekòl nan dives le, oswa kondui reyinyon a domisil ant anseyan e lot edikate, ki travay direkteman ak timoun patisipan yo, avek paran ki pa kapab asiste nan reyinyon say o ki nan lekòl la.*

a. Le Fleksib pou Reyinyon

b. Met Prensipal, Kontak Angajman Paran e Fanmi e pesonel lekòl

c. lekòl yo distribye evalyasyon bay paran e fanmi pou konplete nan fen chak evenman. Evidans evalyasyon say o yo poste anliy sou sistem Krat Title I distri-a e Kodonate Title I nan revize yo.

d. Kontinyelman

e. Idantifye Baryè: kreye solisyon pou amelyore Angajman Fanmi

Baker, Timberly L.; Wise, Jillian; Kelley, Gwendolyn; Skiba, Russell J. School Community Journal, v26 n2 p161-184 2016

Notis sa-a reankadre nosyon angajman paran (etan prezans nan batiman lekòl la) pou angajman paran (nan we diveskonstriksyon sou fason paran enplike) pandan yo adrese baryè idantifye yo tankou opsyon tan fleksib, lot timoun yo nan fanmi-an (sevis swen timoun) e evenman lekòl ki fet leswa (sevi repa).

## **Evalyasyon Plan Enplikasyon Fanmi Ane Pase-a**

### **Rezime Konstrikasyon Kapasite**

Atelye Akademik/Kourikouloum – paran e fanmi yo aprann sou kourikouloum ki anseye nan sal klas pitit yo-a.

- Lekòl yo prezante atelye sa yo nan divès fason tankou atelye pandan jou lekòl oubyen anvan/apre lekòl. Atelye sa yo souvan fèt pou kont yo, men kèk lekòl fè plizyè atelye youn apre lòt e se konsa yo konstwi aktivite e estrateji pandan yo sèvi ak sa yo aprann nan lòt atelye pase yo. Atelye yo dire 30 minit jiska 2 ze d'tan, depandan de lekòl ki òganize aktivite yo.
- Mapp, K. L. 2012. "Family Engagement Capacity Building Framework (Draft)." Washington DC: U.S. Department of Education, Office of Innovation and Improvement. Downloadable PDF available at: [http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family\\_Engagement\\_DRAFT\\_Framework.pdf](http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family_Engagement_DRAFT_Framework.pdf).
- Paran e fanmi yo resevwa fòm evalyasyon ki distribye pou yo ranpli a la fen atelye yo. Evalyasyon ki konplete yo sibi revizyon apre chak aktivite pou planifye lòt aktivite paran/fanmi ki pi efektif nan fiti.

Atelye Tranzisyon – paran e fanmi aprann sou estrateji ki efektif pou ede pitit yo fè tranzisyon soti nan yon klas al nan yon lòt

- Lekòl yo prezante atelye sa yo nan divès fason tankou atelye pandan jou lekòl ou anvan/apre lekòl. Atelye sa yo souvan fèt pou kont yo, men kèk lekòl fè plizyè atelye youn apre lòt e se konsa yo konstwi aktivite e estrateji pandan yo sèvi ak sa yo aprann nan lòt atelye pase yo. Atelye yo dire 30 minit jiska 2 ze d'tan, depandan de lekòl ki òganize aktivite yo.
- College--We Want In! Probst, Carolyn; O'Hara, Dennis P. – Jounal pou Direksyon e Enstriksyon, 2015 Angaje etidyan e fanmi bonè e souvan e itilize yon seri estrateji san rete pou bay responsab lekòl yo kapasite pou konble vid aspirasyon yo, konsa sa kreye e mentni yon kilti santiman frekantasyon lekòl siperyè nan lespri tout etidyan.
- Paran e fanmi resevwa evalyasyon pou yo ranpli nan fen atelye-a. Evalyasyon ki konplete yo sibi revizyon apre chak aktivite youn fason pou planifye aktivite paran/fanmi ki pi efektif nan fiti.

Atelye Evalyasyon – paran e fanmi aprann sou lekòl, sou tès evalyasyon distri e Eta Florid yo ke timoun yo va gen pou sibi pandan tout ane lekòl la. Anplis de sa, paran e fanmi yo pral aprann sou nivo konpetans e estrateji pou ede etidyan yo nan preparasyon tès evalyasyon yo.

- Lekòl yo prezante atelye sa yo nan divès fason tankou atelye pandan jou lekòl ou anvan/apre lekòl. Atelye sa yo souvan fèt pou kont yo, men kèk lekòl fè plizyè atelye youn apre lòt e se konsa yo konstwi aktivite e estrateji pandan yo sèvi ak sa yo aprann nan lòt atelye pase yo. Atelye yo dire 30 minit jiska 2 ze d'tan, depandan de lekòl ki òganize aktivite yo.

- Mapp, K. L. 2012. "Family Engagement Capacity Building Framework (Draft)." Washington DC: U.S. Department of Education, Office of Innovation and Improvement. Downloadable PDF available at: [http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family\\_Engagement\\_DRAFT\\_Framework.pdf](http://www.ed.gov/blog/wp-content/uploads/2012/12/Family_Engagement_DRAFT_Framework.pdf).
- Paran e fanmi resevwa evalyasyon pou yo ranpli nan fen atelye-a. Evalyasyon ki konplete yo sibi revizyon apre chak aktivite, yon fason pou planifye aktivite paran/fanmi ki pi efektif nan okazyon fiti..

Atelye pou Preparasyon Inivèsité e karyè – paran e fanmi aprann sou fason pou ede etidyan yo prepare pou etid siperyè apre lekòl segondè.

- Lekòl yo prezante atelye sa yo nan divès fason tankou atelye pandan jou lekòl ou anvan/apre lekòl. Atelye sa yo souvan fèt pou kont yo, men kèk lekòl fè plizyè atelye youn apre lòt e se konsa yo konstwi aktivite e estrateji pandan yo sèvi ak sa yo aprann nan lòt atelye pase yo. Atelye yo dire 30 minit jiska 2 ze d'tan, depandan de lekòl ki òganize aktivite yo.
- College--We Want In! Probst, Carolyn; O'Hara, Dennis P. – Jounal pou Direksyon e Enstriksyon, 2015 Angaje etidyan e fanmi bonè e souvan e itilize yon seri estrateji san rete pou bay responsab lekòl yo kapasite pou konble vid aspirasyon yo, sa ki kreye e mentni konsa yon kilti santiman frekantasyon lekòl siperyè nan lespri tout etidyan.
- Paran e fanmi resevwa evalyasyon pou yo ranpli nan fen atelye-a. Evalyasyon yo konplete yo sibi revizyon apre chak aktivite, yon fason pou planifye aktivite paran/fanmi ki pi efektif nan fiti okazyon.

Konferans –paran e fanmi aprann plis sou siksè etidyan yo e sou domèn amelyorasyon pa mwayen reyinyon endividyèl ou reyinyon manm pèsònèl akademik ak paran yo.

- Lekòl yo prezante atelye sa yo nan divès fason tankou atelye pandan jou lekòl ou anvan/apre lekòl. Atelye sa yo souvan fèt pou kont yo, men kèk lekòl fè plizyè atelye youn apre lòt e konstwi konsa aktivite e estrateji pandan yo sèvi ak sa yo aprann nan lòt atelye pase yo. Atelye yo dire 30 minit jiska 2 ze d'tan, depandan de lekòl ki òganize aktivite yo.
- Kominikasyon de Pwofesè a Paran: Experimental Evidence from a Low-Cost Communication Policy (Draft, Matthew A.; Rogers, Todd – Society for Research on Educational Effectiveness, 2014) – Etid Rechèch sa-a endike ke nan konstwi kapasite paran a travè kominikasyon avèk pwofesè yo pou ranfòse diskisyon paran/pitit, sa genyen yon enpak pozitif sou akonplisman etidyan.
- Paran e fanmi resevwa evalyasyon pou yo ranpli nan fen atelye-a. Evalyasyon yo konplete yo sibi revizyon apre chak aktivite, yon fason pou planifye aktivite paran/fanmi ki pi efektif nan fiti okazyon.

Atelye Sant Angajman Paran–Atelye sa yo gen ladan yo yon seri sijè estratejik pou ede etidyan'w yo akademikman, literasi finansyèl, aprantisaj pale Anglè e lòt sijè ankò.

- Sant yo ki lokalize toupatou nan distri-a prezante atelye sa yo divès fason tankou atelye pandan lekòl la ap travay, anvan e/ou apre lekòl. Atelye sa yo souvan fèt pou kont yo, men kèk lekòl fè plizyè atelye youn apre lòt e se konsa yo konstwi aktivite e estrateji pandan yo sèvi ak sa yo aprann nan lòt atelye pase yo. Atelye yo dire 30 minit jiska 2 ze d'tan konsa, depandan de lekòl ki òganize aktivite yo.
- Depatman Edikasyon Ohio (2016). Sample Best Practices for Parent Involvement in Schools. Retrieved from <http://education.ohio.gov/Topics/Other-Resources/Family-and-Community-Engagement/Getting-Parents-Involved/Sample-Best-Practices-for-Parent-Involvement-in-Sc>. Rechèch konfime ke enplikasyon paran e fanmi nan edikasyon pitit yo enpòtan anpli nan siksè akademik etidyan.
- Yo bay paran e fanmi evalyasyon nan fen atelye yo pou ranpli. Nou revize yo, e sèvi ak yo, apre paran fanmi yo fini konplete yo, nou fè pi bon plan e mete sou pye lòt aktivite paran/fanmi ki pi efektif pou fiti okazyon.

### **Fòmasyon Moun Yo ki nan Pèsònèl la.**

Reyinyon Anvan Ouvèti Lekòl –Kontak Prensipal Moun Title I yo jwenn dènye enfòmasyon sou règleman Title I yo e sou sa ki egzijib pou dokimante aksyon konfòmite yo.

- Reyinyon Anvan Ouvèti Lekòl te fèt nan mwa Dawout 2018 - LEA te òganize de reyinyon mwatye joune pou fasilite fleksibilite lè kontak lekòl yo ka patisipe. Tout materyèl yo te distribye pa mwayen korespondans elektwonik e nou te poste yo sou Krat Title I nan
- Entèvansyon Direksyon Lekòl Anba Iwa Tout Timoun Reyisi-a: Evidence Review. Updated and Expanded. Research Report RR-1550-1-WF Herman, Rebecca; Gates, Susan M.; Arifkhanova, Aziza; Bega, Andriy; Chavez-Herrerias, Emilio R.; Han, Eugene; Harris, Mark; Tamargo, Jennifer; Wrabel, Stephani – RAND Corporation, 2016



- Nou te voye sou imel bay kontak e administratè Lekòl yo yon evalyasyon pou yo konplete. Nou te sèvi ak Fòm Microsoft Office pou kolekte done yo. Manm Pèsonèl distri yo te revize enfòmasyon yo e te sèvi ak yo pou fè planifikasyon pou fiti okazyon.

Sesyon Travay sou Konpak e Angajman Paran e Fanmi – Yo te bay Kontak Title I yo ed Teknik pou redije Plan Kontak e Angajman Paran Fanmi avèk anfas sou obligasyon nan regleman ESSA.

- LEA te òganize yon asistans Teknik vityèl, plis yo bay gid ekri atravè imel.
- Entèvansyon Administrasyon Lekòl yo Anba Lwa Chak Etidyan Gen Sikse-a: Revize Evidans. Revize e Ogmante e rapò Rechèch RR-1550-1-WF Herman, Rebecca; Gates, Susan M.; Arifkhanova, Aziza; Bega, Andriy; Chavez-Herrerias, Emilio R.; Han, Eugene; Harris, Mark; Tamargo, Jennifer; Wrabel, Stephani – RAND Corporation, 2016
- Nou te voye bay kontak e administratè lekòl yo yon evalyasyon sou fòm elektwonik e nou te mande pou yo konplete evalyasyon-an. Koleksyon done yo fèt atravè Fòm Microsoft Office. Pèsonèl nan distri yo te revize e sèvi ak evalyasyon yo pou planifye lòt reyinyon k'ap fèt nan fiti.

### Rezime Pou Lekòl Prive

A. Paran yo patisipe nan yon seri atelye paran ki kontni estrateji pou sikse nan lekti e matematik, teknik nan pran tès e anpeche defisi akademik lè gen gran vakans d'ete.

B. Lekòl Prive yo te òganize lakay yo yon seri aktivite evenman yon swa/jou ki dire ant 30 minit e 2 ze d'tan selon lekòl ki òganize yo-a.

C. Objektif LEA-a se edike, ekipe, e fè patenarya ak lekòl prive yo, fanmi yo e sistèm sipò yo nan ofri yon seri pwogram ki apwopriye e efektif., aktivite, e resous ki va ede fè yon enpak pozitif sou kominote-a. Nan konstwi kominote aprantisaj paran/fanmi ki solid, n'ap ogmante sikse akonplisman etidyan nan lekòl yo.

Mapp, K. L. 2012. "Baz Konstriksyon Kapasite Angajman Familyal (Draft)." Washington DC: U.S. Department of Education, Office of Innovation and Improvement. Downloadable PDF available at: [http://www.ed.gov/blog/wp-Content/uploads/2012/12/Family\\_Engagement\\_DRAFT\\_Framework.pdf](http://www.ed.gov/blog/wp-Content/uploads/2012/12/Family_Engagement_DRAFT_Framework.pdf).

D. Yo te bay Paran e Fanmi yo evalyasyon nan fen aktivite-a pou konplete. Evalyasyon yo konplete yo sibi revizyon apre chak evenman, nan lespri pou planifye lòt reyinyon paran/fanmi ki pi efektif nan fiti okazyon. Yo te voye sondaj bay paran/fanmi yo pa lapòs pou enfòmasyon yo sou bon sèvis etidyan yo jwi san patipri e nou te pwofite voye yon anvlòp ak tout tenb ki tou adrese pou yo ka retounen dokiman Title I nan bay biwo-a. Sondaj sa yo itilize pou planifye aktivite enstriksyonèl e PFE pou lane lekòl 18-19, 19-20.

Objektif LEA-a se pou edike, ekipe e travay ansanm avèk lekòl prive nou yo, fanmi e domèn sipò lekòl prive yo nan ofri yon seri pwogram, aktivite e resous ki apwopriye e efektif ki pou ede fè yon enpak pozitif sou moun e sou kominote-a. Nan konstwi kominote paran/fanmi ki solid na rive leve nivo akonplisman etidyan nan lekòl nou yo.

### Baryè (Plan Enfizyon LEA):

*Andwa kote yo fè Reyinyon paran yo (Moun ki dezavantaje ekonomikman yo) – LEA-a òganize Reyinyon Paran Distri nan divès reyijon nan zòn Pok la. LEA-a ankouraje lekòl yo pou òganize aktivite paran nan kominote yo-a pou envite patisipasyon kominote-a. LEA-a ankouraje lekòl yo tou pou fè patenarya avèk lekòl kote etidyan yo soti yo, pou ankouraje prezans pou timoun ki gen frè ou sè nan lòt lekòl sa yo.*

*Tradiksyon (Konpetans pou Anglè limite) – LEA-a ankouraje lekòl yo bay paran yo tout materyèl nan lòt lang yo e travay avèk depatman ESOL la pou enprime materyèl pou paran yo. Yo ankouraje lekòl yo jwenn tradiktè pou reyinyon yo.*

*Transpòtasyon (Dezavantaje ekonomik yo, andikape yo) – LEA-a travay avèk lekòl la pou bay paran yo ed transpòtasyon. LEA-a fè patenarya ak sistèm transpòtasyon bis vil la pou lekòl yo ka benefisye avantaj pas Bis pou etidyan e fanmi yo lè se aplikab. LEA-a ankouraje lekòl yo tou pou òganize evènman nan vwazinaj la oubyen nan kominote-a ki pre yo pou ede rezoud kesyon transpòtasyon-an.*

### Meyè Pratik

*1. Komunikasyon Efektif- Chak Lekòl Title I gen yon sit entènèt e yon Kaye Dosye Angajman Paran e Fanmi ki lokalize nan biwo antre prensipal lekòl la e ki gen kòm kontni: PFEP Distri e Lekòl la e yon rezime, kontra Konpak paran lekòl, Lèt sou dwa paran yo genyen pou konnen enfòmasyon-an, lis ekip pèsonèl otman kalifye yo, done data sou enfòmasyon konsènan tès yo, SIP, e lòt enfòmasyon enpòtan pou paran yo.*

2. *Kominikasyon Efektiv- LEA-a bay chak lekòl yon vèsyon elektwonik liv Gid mach-aswiv Title 1 nan. Lekòl yo resevwa liv Gid mach-a-swiv la sou entènèt. LEA-a konpoze liv Gid mach-a-swiv sa-a pou izaj amikal fasil avèk enfòmasyon sou Lwa Title 1, konfòmite e fason pou dokimante satisfaksyon konfòmite.*
3. *Konstwi Kapasite- Depatman ESOL la ofri pou paran yo ki pa pale Anglè seyans atelye fòmasyon gratis. Atelye sa yo fèt nan tou le senk sant rejyonal resous paran yo.*